

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* mangrupa salah sahiji modél pangajaran kooperatif nu pangbasajanna jeung alus pikeun guru anu anyar ngajar nalika miboga karep pikeun ngalarapkeun pangajaran kooperatif. Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* mangrupa modél nu nungtut siswa gawé bareng sangkan siswa bisa silih rojong jeung silih bantuan dina ngawasa kompetensi nu dipiharep sarta numuwuhkeun kasadaran yén diajar mangrupa hal nu penting jeung miboga ma'na. Ieu modél babari diadaptasi jeung geus digunakeun dina pangajaran Matematika, IPA, IPS, Bahasa Inggris, jsb dina tingkat sakola dasar nepi paguron luhur (Esminarto spk. 2016 kc.18).

Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* mangrupa modél anu nungtut pikeun gawé bareng atawa tim dina hiji kelas nalika ngaréngsékeun hiji pasualan. Siswa dilatih sangkan bisa gawé bareng dina prosés pangajaran pikeun ngahontal tujuan pangajaran kalawan maksimal. Ieu modél luyu dipaké pikeun pangajaran sangkan prosés diajar museur kana kagiatan siswa.

Dina modél *Student Team Achievement Division (STAD)* siswa dikelompokkeun kalawan hétérogén. Dina unggal kelompok aya siswa nu miboga préstasi undag jeung préstasi asor, awéwé jeung lalaki, siswa nu miboga jeung teu miboga kahéngkéran diajar (*exceptionalitis*), sarta anggota minoritas jeung nonminoritas (Eggen spk. 2016, kc. 145). Ieu hal miboga tujuan sangkan kamampuh siswa ngaronjat ku cara gawé bareng.

Dina modél *Student Team Achievement Division (STAD)* anu kudu leuwih aktip nyaéta siswa tibatan guruna, sabab pancén guru ngan saukur ngatur kagiatan sangkan leuwih dipikaresep jeung leuwih aktif dina pangajaran.

Dongéng mangrupa salah sahiji bagian tina pangajaran sastra, boga kalungguhan anu penting dina tujuan ngahontal tujuan pangajaran sastra. Tina dongéng anu dibacana, siswa baris nyangking pangalaman sastra. Ieu pangalaman penting pikeun numuwuhkeun ajén-inajén dina diri siswa.

Iskandarwassid dina Koswara (2013, kc. 89) nétélakeun yén dongéng téh ngaran salah sahiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok kaselapan bagian anu dikawihkeun, umumna parondok. Dongéng téh turun-turun jeung sumebarna ku cara lisan. Teu kapaluruh saha pangarangna atawa anu nyieunna. Kajadian caritana sakapeung karasa pamohalan. Tokoh-tokohna, jalan caritana, latarna sakapeung mah hésé ditarima ku akal.

Aya sawatara hal anu diéstokeun dina diajar dongéng, di antarana:

1. Siswa kudu nyangking pangalaman ngadongéngkeun, maca, jeung nyaritakeun deui dongéng,
2. Siswa kudu bisa nyangkem eusi dongéng.

Sakumaha anu ditétélakeun dina *Kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 Jenjang SMP/MTS* anu dipedal ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat disebutkeun yén pangajaran maca dongéng aya dina KIKD kelas VII. Sangkan leuwih jéntré, datana aya dina tabél di handap.

Tabél 1.1
Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar SMP/MTS

Kompeténsi Inti	Kompeténsi Dasar
7.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata.	7.3.1 Mengidentifikasi struktur, fungsi sosial, aspek kebahasaan, dan nilai-nilai kehidupan yang terkandung dalam dongeng.
7.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.	7.4.1 Menyusun dan mengomunikasikan dongeng yang disimakinya dengan memperhatikan struktur dan aspek kebahasaan, pelapalan, dan lagu kalimat (<i>lentong</i>), serta ekspresi yang tepat.

Dumasar tabél di luhur tétéla pangajaran maca dongéng mangrupa hal anu penting jeung mangrupa kaparigelan anu kudu dicangking ku siswa dina diajar ngeunaan dongéng.

Somadayo (2011, kc. 1) nétélakeun yén maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu miboga kalungguhan penting salian ti tilu kaparigelan basa séjénna, sabab maca mangrupa sarana pikeun mikanyaho dunya sangkan manusa bisa nueleman jeung ngeuyeuban pangaweruhna. Lian ti éta Rahman spk. (2018, kc. 1) nétélakeun yén maca mangrupa indung tina literasi. Anapon kitu, maca lain hiji hal nu babari. Maca nya éta hiji prosés nu bisa dimekarkeun ngagunakeun téhnik-téhnik nu luyu jeung tujuan maca. Maca miboga kalungguhan nu kalintang penting dina kahirupan masarakat nu kompléks. Unggal aspék ngalibetkeun kagiatan maca. Lian ti éta, kamampuh maca mangrupa tungtutan réalitas kahirupan manusa sapopoé.

Kitu deui Farr dina Rahman (2018, kc. 1) nétélakeun yén maca mangrupa jantungna atikan. Sedengkeun kiwari pangajaran sastra Sunda di sakola nyanghareupan rupa-rupa pasualan, salah sahijina nyaéta minat maca siswa aya dina tingkat asor. Skor rata-rata kamampuh maca urang Indonesia kaitung asor, nyaéta 397, jauh tina rata-rata peserta lianna nu jumlahna 493 (Pisa dina Rahman, 2018, kc. 1).

Ieu panalungtikan lain mangrupa panalungtikan nu munggaran. Aya sababaraha panalungtikan ngeunaan modél *Student Team Achievement Division (STAD)* saperti ieu di handap.

- 1) Harist Sulaeman (0705948) mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia anu judulna “Modél Pangajaran *Student Team Achievement Division (STAD)* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas VII-D A MTs Asy-Syifa Kecamatan Cipatat Kabupaten Bandung Barat Taun Ajar 2010/2011);
- 2) Nurunnisa Suminar (0902423) mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia anu judulna “Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Student Team Achievement Division (STAD)* Dina Nyusun

Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-D SMP Kartika Siliwangi 2 Bandung Taun Ajar 2013/2014);

- 3) Ismi Nursamsiati Asri (1102805) mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia anu judulna “Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* Dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur Taun Ajar 2014/2015)
- 4) Rifal Lukmanul Hakim (1307409) mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Pendidikan Indonesia anu judulna “Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pupuh (Studi Kuasi Ékspérimén Siswa Kelas VII-B SMP Negeri 27 Bandung Taun Ajar 2017/2018).

Tina panalungtikan modél STAD saméméhna tétéla yén hasilna téh nyugemakeun.

Anu ngabédakeun tina panalungtikan saméméhna, ieu panalungtikan leuwih museur kana modél STAD nu digunakeun dina pangajaran maca dongéng katut ngaliwatan pamarekan kuasi ékspérimén. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode kuantitatif kalayan desain anu digunakeun na nya éta *Pre-test and Post-test Group*. Ieu panalungtikan maké kelas ékspérimén, kalawan henteu maké kelas kontrol. Sedengkeun téhnik ngolah data nu dilakukeun nya éta kagiatan ngolah data kalayan ngagunakeun *software IBM SPSS Statistics version 18* nu dilakukeun ti awal proses *pretest* dimana urang bakal nyaho hasil diajar siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran nu ku panalungtik disadiakeun. Anggeus *pretest* dilaksanakeun, tuluy ngalaksanakeun *treatment* kalawan diajar maké modél *Student Team Achievement Division (STAD)*. Prosés nu terakhir nya éta *posttest* dimana urang bakal mikanyaho aya atawa henteu béda antara hasil *posttest* jeung hasil *pretest* nu dituduhkeun ngaliwatan angka. Instrumén nu digunakeun nyaéta dina wangun tés objéktif (Pilihan Ganda).

Dumasar kana kasang tukang di luhur panulis ngarasa kataji pikeun nalungtik Modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina Pangajaran Maca Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajar 2017/2018).

Rina Rahmayanti, 2018

MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN MACA DONGÉNG
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar, aya sababaraha pasualan anu bisa diidéntifikasi, di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Loba guru nu maké cara ngajar monoton, ku kituna siswa teu kairut jeung kurang sumanget nalika prosés pangajaran, sabab siswa teu dirangsang pikeun ilubiung aktif ku rupa-rupa variasi diajar nu bisa dilakukeun ku guru sangkan prosés pangajaran jadi kondusif, dimana siswa bisa ngaluarkeun daya kréatifna.
- 2) Dina pangajaran dongéng, lolobana siswa maca jeung ngaidéntifikasi unsur-unsur dongéng ku cara nu saliwat sarta teu taliti. Ieu hal nuduhkeun yén minat maca siswa kurang. Ku kituna, loba kahéngkérangan-kahéngkérangan dina hasil lembar jawaban siswa dina pangajaran dongéng. Ku lantaran kitu, dipiharep sabada digunakeunna modél *Student Team Achievement Division (STAD)*, kamampuh maca dongéng siswa ngaronjat.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, aya sababaraha pasualan anu perlu ditalungtik, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*?
- 2) Kumaha kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*?
- 3) Naha aya béda nu signifikan antara kamampuh maca dongéng kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta nguji kaéfektifan modél *Student Team Achievement Division (STAD)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran maca dongéng kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018.

1.3.2 Tujuan Husus

- 1) Ngadéskripsikeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*;
- 2) Ngadéskripsikeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*; jeung
- 3) Ngadéskripsikeun naha aya béda nu signifikan antara kamampuh maca dongéng kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh jeung tiori-tiori pikeun prosés pangajaran, utamana dina kamekaran modél pangajaran Basa Sunda, hususna pikeun pangajaran maca dongéng siswa kelas VII-D SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Mangpaat pikeun Panalungtik

Sanggeus ngalaksanakeun panalungtikan, mangpaat pikeun panalungtik nyaéta bisa mikanyaho babandingan kamampuh siswa dina maca dongéng dina saméméh jeung sabada ngagunakeun

modél *Student Team Achievement Division (STAD)* jeung bisa jadi sawangan pikeun kahareupna nalika ngajar ka siswa.

2) Mangpaat pikeun Guru

Mangpaat pikeun guru, hususna guru Basa Sunda nu bisa dicangking nyaéta pikeun nambahan élmu pangaweruh hususna milih modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina pangajaran maca dongéng, ogé pikeun ngabeungharan *pembendaharaan* ngeunaan modél pangajaran sarta bisa jadi salah sahiji alternatif pikeun modél pangajaran anu bisa dipaké di kelas jeung mikanyaho kumaha kamampuh siswa dina maca dongéng sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*.

3) Mangpaat pikeun Siswa

Mangpaat pikeun siswa, salian ti siswa bisa mikanyaho ngeunaan modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina kagiatan maca dongéng, siswa ogé bisa ngaronjatkeun kamampuh dina maca dongéng, sarta modél *Student Team Achievement Division (STAD)* bisa ngirut siswa dina diajar maca dongéng.

4) Mangpaat pikeun nu Maca

Tina hasil ieu panalungtikan dipiharep nu maca bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh hususna ngeunaan mangpaat modél *Student Team Achievement Division (STAD)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca dongéng siswa kelas VII SMP.

1.5. Raraga Nulis

Tahap ahir dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, nya éta:

Bab I dijudulan bubuka. Di jero na ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II dijudulan ulikan tiori, raraga mikir, jeung hipotésis, anu ngawengku tiori-tiori ngeunaan harti modél pangajaran kooperatif, tujuan

modél pangajaran kooperatif, kaonjoyan jeung kahéngkéran modél pangajaran kooperatif, wangenan modél *Student Team Achievement Division (STAD)*, kaonjoyan jeung kahéngkéran modél *Student Team Achievement Division (STAD)*, hakékat maca, maca pamahaman, keterbacaan, tujuan maca pamahaman, prosés maca pamahaman, prinsip-prinsip maca pamahaman, dongéng, harti dongéng, wanda dongéng, modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina pangajaran maca dongéng, raraga mikir, jeung hipotésis.

Bab III dijudulan métode panalungtikan, nu di jerona ngawengku desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, wangenan operasional, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV dijudulan hasil jeung pedaran. Anapon eusina ngawengku kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*, kamampuh maca dongéng siswa kelas VII-D di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018 sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)*, sarta béda kamampuh maca dongéng kelas VII-D saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievement Division (STAD)* di SMP Negeri 26 Bandung taun ajar 2017/2018.

Bab V dijudulan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi, anu eusina nyindekkeun hasil panalungtikan, implikasi, katut maparin rékomendasi pikeun panalungtikan salajengna.